



Kominike pou laprès  
Pibliye li imedyatman

***Pou yon bon jan edikasyon ki disponib pou tout moùn***

**Haïti-Éduc'2012**

**An nou mete limyè sou « Kouman pou sa fèt »**

**Monreyal 6 oktòb 2011** – Si gen yon lide tout Ayisyen fanm kou gason, kèlkeswa klas sosyal yo ak pozisyon politik yo, yo antann yo sou li, se enpòtans edikasyon nan rekonstriksyon peyi yo. Kounye a, kesyon ki cho pou tout moùn se «Kouman pou sa fèt». Kòman pou nou rive sèvi avèk ladrès ak konpetans tout moùn nou genyen yo, ak materyèl epi lajan nou genyen disponib, kwake yo limite, pou nou transfòme sistèm edikasyon nou an sou yon peryòd tan, ki kab pran dizan, kenzan oubyen ventan ? Wi, nou dwe konnen kijan pou nou transfòme sistèm edikasyon nou an, ki se yon machin ki ap ponn echèk, pou li tounen yon tren pou devloman nou. Vrè repons pou kesyon nou poze pi wo a, pyès moùn pa konnen li. Pou noumenm, sèl fason pou nou jwenn repons sila a, se apati youn rasanbleman tout Ayisyen nan yon refleksyon an pèmanans, ki dwe mache men nan men ak bon jan aksyon anndan peyi a. Konsa, nou dwe fè planifikasyon, travay sou yo epi evalye travay nou. Lè nou fini, nou dwe pran san nou pou modifiye sa ki merite chanje. Kalite aksyon sa yo dwe kontinye san rete. Se konsa nou dwe travay pou avansman sosyete nou an. Se sèten, ap genyen lide kontrè sou fason pou nou aji, men se nòmal, paske yo toujou di : anpil tèt se anpil lespri. **Daprè nou, yon refleksyon an pèmanans, ki byen òganize avèk ouvèti lespri, senterite epi ki aksepte lide tout moùn san distenksyon, ap toujou genyen pi plis chans pou li reyisi.**

Se nan kad sa a *GRAHN-Haïti* ak *GRAHN-Monde* pran sou responsablite yo, apre yo fin pase nèt mwa nan pale ak moùn ki kab vin patnè yo anndan Ayiti kou aletranje, pou yo demare pwojè ki pral rele **Haïti-Éduc'2012** la. Pwojè sa a se premye a nan yon seri rankont ki pral fèt chak dezan pandan 20 ane ki ap vini yo tankou *GRAHN-Haïti* ak *GRAHN-Monde* genyen li nan plan estratejik yo kòm kontribisyon yo nan rekonstriksyon Ayiti.

Tout moùn konnen pwoblèm ki genyen nan sistèm edikasyon an. Pwoblèm sa yo pa yon sekre pou pyès moùn. Gen anpil travay ki fèt kote yo te ekzaminen pwoblèm sa yo ak anpil swen, epi yo te analize yo. Yonn nan gwoup ki te fè kalite travay sa yo, pa gen lontan, se gwoup ki ap travay sou edikasyon ak fòmasyon an (GTEF). Travay ekip sa a te fè yo, te yon gwo pa nan yon bon direksyon. Genyen lòt travay ki te parèt pandan Seminè WISE la, soti 28 pou rive 29 septanm 2011. Apati Seminè sa a, ki te fèt an Ayiti, anpil bèl aksyon ki te pran lari. Tout aksyon sa yo se rezilta travay seminè sa a. Avèk **Haïti Éduc'2012**, nou pral kontinye bati sou sa ki te deja ekziste anndan peyi a apati : divès dyagnostik yo deja poze, ansanm ak lide pou solisyon plizyè lòt moùn deja konsidere. Tout sa, se yon fason pou nou mete yon lòt may sou gwo chenn amilyorasyon san rete, ki se sèl mwayen pou voye Ayiti monte pandan 21<sup>èm</sup> syèk la.

Yonn nan bi-vize **Haïti-Éduc'2012**, se prensipalman pou ofri moùn ki ap patisipe nan rankont sa a yon fowòm ansanm ak yon rezo, kote yo ap kapab rasanble eksperyans epi konesans yo nan lapratik nan travay ansanm, yon fason pou yonn aprann nan men lòt. Rechèch nou fè nan peyi a fè nou konprann gen bon jan aksyon ki fèt pasi-pala, men yo rete izole epi moùn pa prèske konnen yo. Konsa, li nòmal pou divès moùn ki antreprann aksyon izole sa yo kontre nan yon espas kote yo ap gen okazyon pale sou sa yo fè. Lè sa a lòt moùn va jwenn sous enspirasyon ladan yo epi bò kote pa yo, yo va amilyore aksyon sa yo ak kòmantè pa yo. Entansyon an, se rasanble tout sa nou deja genyen yo olye pou nou ap gaspiye ti mwayen tou piti nou genyen yo pou nou refè yon bann ti pwojè ki parèt anpil, men, ki pa janm vrèman rasanble pou yo tounen yon fòs. Men twa ekzanp, pami mil lòt, kote nou kab rasanble fòs nou :

- Pou ki sa nou pa reflechi ansanm sou yon kesyon pratik tankou fason nou kab estimile lespri timoùn depi yo tou piti pou yo esplike tout sa ki antoure yo nan lavi chak jou yo avèk lasyans nan ( etid wòch, plant, bèt, divès faz lalin lan, fenomèn meteyowolojik...). Apati obsèvasyon sa yo, nou ta kab devlope ansanm materyèl pedagogik ki ta bon pou pwofesè yo tankou pou elèv yo. Konsa, nou ta kab nonsèlman mete alapòte tout moùn epi agrandi tout sa nou fè ansanm, men tou nou ta kab agrandi epi ranfòse konesans nou, paske nou aprann nan men lòt moùn lòt pratik siperyè ki deja fè prèv yo.
- Pou ki sa nou pa bay antrepriz endistriyèl ak komèsyal yo ansanm ak depatman ministè yo yon chans anplis pou yo genyen yon seri zouti pou jesyon? Nou konnen byen, ak zouti sa yo, yo ap rive fè estrateji pou avansman antrepriz la nan lidèchip, planifikasyon ak kontwòl kalite, paske antrepriz la bezwen zouti sa yo pou li ogmante prodiksyon li, kidonk, pou li kreye pi plis byennèt pou tout moùn. Koze sa a se yon pwoblèm ki parèt, pa genyen lontan, nan rechèch gwoup travay sou konpetitivite a. Sa montre yon lòt fwa ankò, edikasyon se yon reyalite ki kab pran divès fòm , epitou pou peyi nou an rive mache kòrèkteman, tout aksyon nou ap fè dwe pou yo mache yonn ak lòt epi pou yo byen kowòdone.
- Kijan pou nou rive rantre, konkrèman, tout moùn ki lage aladiv yo nan devlopman sosyete nou an? Sa vle di, ba yo yon edikasyon, fè yo aprann yon metye epi pou yo jwenn yon travay ki koresponn ak metye yo ta va aprann lan.

Yonn nan divès aktivite **Haïti-Éduc'2012**, epitou se pa sa ase non, se va kreye yon seri atelye fòmasyon pou etidyan ak moùn ki nan domèn afè nan divès pati nan peyi a. Atelye sa yo ap sou teknoloji enfòmasyon ak kominikasyon ( kouman pou yo sèvi ak zouti sa a kòm mwayen pou amilyore fonksyonman yon òganizasyon piblik oubyen prive, ki nan pwodiksyon oubyen ki ap bay sèvis) nan planifikasyon ak jesyon kalite, nan pwomosyon pwodwi lokal sou mache peyi etranje. Lis sa a kab pi long toujou.

### 30-

Si nou bezwen pi plis enfòmasyon :

<http://www.haiti-educ.org>

#### Kontak :

Pou **GRAHN-Monde** :

Rodrigue Bauge, Visprezidan kominikasyon , [rodrigue.bauge@grahn-monde.org](mailto:rodrigue.bauge@grahn-monde.org)

Pou **GRAHN-Haïti** :

Laurence Gauthier Pierre, Prezidan, [laurenceg.pierre@grahn-monde.org](mailto:laurenceg.pierre@grahn-monde.org)

Pou **Haïti-Éduc'2012** :

Samuel Pierre, [samuel.pierre@grahn-monde.org](mailto:samuel.pierre@grahn-monde.org)

Jean-Marie Bourjolly, [jean-marie.bourjolly@grahn-monde.org](mailto:jean-marie.bourjolly@grahn-monde.org)